

## Enstriksyon sou Anprent Dijital pou Nouvo Aplikan pou Sètifika Anrejistreman Kontraktè Travay Agrikòl

**Ou dwe fè enprent dwèt ou nan yon lokal Morpho Trust USA nan Eta New York. Ou dwe pwograme yon randevou alavans.**

1. Pou w pwograme yon randevou:

Itilize sitwèb la <https://uenroll.identogo.com/> oswa rele gratis nan (877) 472-6915 pou pwograme yon randevou ak pou jwenn yon lokal nan Eta New York ki pi pre w.

Bay kòd sèvis ki annaprè a lè ou pwograme yon randevou: **15459X**.

2. Frè:

Pri total la se \$87.00. Sa a se pou frè enprent \$75.00 plis yon frè lavant pou \$12.00. Verifye avèk Morpho Trust USA pou pri aktyèl la kòm frè yo ka chanje.

Ou ka peye swa lè wap mete randevou a sou entènèt oswa nan moman sèvis la.

3. Idantifikasyon (ID):

Pote **de** fòm ID nan randevou w la. Youn nan ID yo dwe gen ladan yon foto.

4. Swivi:

Yo pral ba ou de resi apre eskanè enprent lan:

- Kenbe yon resi pou swivi.
- Voye dezyèm kopi resi a avèk aplikasyon w.

Sèvis la pral transmèt anprent ou bay Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York (DCJS) pou tretman. DCJS pral itilize kòd sèvis anwo a pou voye rezilta yo nan Inite Sètifika & Pèmi nan Depatman travay Eta New York.